



Pou Piblikasyon Imedya: 25/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ISTORIK NEW YORK YO NAN SOLIDARITE AVÈK PÈP IKRÈN NAN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an ble ak jòn aswè a, 25 fevriye jiska dimanch 27 fevriye, nan solidarite avèk pèp Ikrèn nan. New York rete angaje avèk administrasyon Biden lan ak prepare pou sipòte refijye kriz la epi [akeyi yo nan eta a](#).

"New York se kay fyè pi gwo popilasyon Ikrenyen an nan Etazini epi nou kondane vyolans enjis ak san konsyans ke y ap reyalize kont pèp Ikrèn nan", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou kanpe nan solidarite avèk sila yo nan New York ki pè pou fanmi yo ak pwòch yo epi priyè nou ale jwenn viktim inosan yo pandan y ap batay pou kenbe libète yo kòm yon pèp ak nasyon souverèn".

Moniman istorik yo k ap limen nan solidarite avèk pèp Ikrèn nan gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Fairport Lift Bridge

###